Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 8 (6640) 11 февраль 2019 с. Итни Жумадул ахир 1440 с. Багьа - эркенаб



БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## Анкьазарго тIехь, ХIарисан нух къай, 4818 пенсионер...

### Районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас тIобитIана лъайкьеялъул, гIолилазул, нухазул суалалгун данделъи

**4 февралалда «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас тIобитIана лъайкьеялъул, гIолилазул, нухазул хIакъалъулъ ва цогидалги кIвар бугел суалалги гьоркьор лъун данделъи.**

ДанделъиялдагIахьаллъана федералиял, регионалиял, муниципалиял идарабазул хIалтIухъаби, бакIалъулаб самоуправлениялъул органазул вакилзаби, учреждениязул ва гIуцIабазул нухмалъулел.

Данделъи рагьана ва бачана Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас.

Федералияб казначействоялъул Дагъистан Республикаялъул управлениялъул Гумбеталда бугеб №9 отделениялъул нухмалъулев АхIмад Мансуровас ракIалде щвезабуна финансовиял операциял гьарулаго законалъул киналго тIалабал тIуразе кколеблъи.

РФялъул пенсионнияб фондалъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулев ТIалхIат Жамалудиновас бицана районалда 4818 чиясе щолин пенсия, араб соналъ отделалъ азаргоялдаса цIикIкIун чиясул къваригIел тIубанин.

Дагъистаналъул МФЦялъул Гумбеталда бугеб филиалалъул нухмалъулес баян гьабуна пачалихъияб ва муниципалияб хъулухъалъе 307 гIарза бачIанин араб анкьалъ, гьездасан 267 тIубанин.

«Гумбетовское ДЭП №10» ОАОялъул нухмалъулев Малачи Сурхаевас абуна ХIаримагIардасан гIазуца нух дагьаб заманаялъ къан букIанин ва дежурствоялда бугеб техникаялъ гIазул гIансаздаса бацIцIад гьабун, нух рагьиялъе хIалтIи гIуцIанин. Унеб буго МелъелтIа-Щабдухъ-ИчичIали нухазе ремонт гьабиги.

«Бакълъулазул районалъул гIолилазул гIуцIабазул вакилзаби щвана ЦIияб ИчичIали школалде, дандчIвана МахIачхъалаялда Башларовасул цIаралда бугеб медицинаялъул колледжалъул студенталгун, тIобитIана чIорбутIалъ речIчIиялъул «Лига Гумбета» турнир къаялъул тадбир,



Отав-Тюбе хъутаналде ана, гIахьаллъана «Нухмалъулев ва жамгIият: цебетIей мурадалда» абураб тIоцебесеб жамгIияб форумалда»,-ян абуна районалъул гIолилазул централъул нухмалъулев МухIамад Зубайировас.

«Сельсовет “Мехельтинский”» росдал поселениялъул бетIер МухIамад ГIабдунасировас бицана лъедалъун хьезари лъикIлъизабиялъе ва районалъул централде газ бачиналъе хIалтIи гьабулеб бугин.

Районалъул администрациялъул бакIал раялъул ва архитектураялъул рахъалъ бетIерав специалист ХIажимурад АхIмаднабиевас баян кьуна «БацIцIадаб лъим» ва цогидалги республикаялъулал программабазда гъорлъе муниципалитет ккеялъе тадбирал гьарулел, МелъелтIа-ЛъаратIа-Ингишо росабазда гьоркьосел газил мухъал рачине хIадурлъи гьабулеб бугилан.

Араб анкьалъ районалъул администрациялда гьоркьоб лъуна ТIолгороссиялъул физкультуриябгун спортивияб ГТОялъул комплексалъул нормаби цIалдохъабаз кьеялъул суал. ГТОялъул цIикIкIарал балал ругони тIадегIанал цIалул заведениязде лъугьунаго бигьалъи букIуна. Районалда тIоритIулел руго спорталъул батIи-батIиял тайпабазул къецал ва турнирал. Спорталда бугеб хIалалалъул бицана районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурухIма МухIамадовас.

Райадминистрациялъул юридическияб отделалъул нухмалъулев Хайрудин Халидовас абуна республикаялъул присяжниял заседаниязда гьоркьоре рачине бакълъулазул цIияб сияхI хIадуризе кколин. Гьединго отделалъул юридическияб хIаракатчилъиялъулги бицана. Бакълъулазул районалде бачIун буго 7395 цIалул тIехь. ГIуцIун руго хасал комиссиял, школазе гьел тIахьал рикьизе. Муниципалитеталда тIобитIана ГИАялде хIадурлъиялъул суалгун школлъималазул умумузул данделъи. Лъайкьей цебетIезабиялъул суалал рорхарал семинарал ва цоги тадбирал тIоритIана. Лъайкьеялъул бутIаялда бугеб хIалалъул баян кьуна лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадовас.

Халкъиял театразул республикаялъул хал гьабиялда лъикIаб махщел бихьизабуна Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул театралъул къокъаялъ. Росабалъ тIоритIана Ленинград фашистазул блокадаялдаса эркен гьабуралдаса 75 сон тIубаялда хурхун тадбирал. Маданияб гIумруялъул хIакъалъулъ бицана культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас.

«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас информация кьуна ЦIаналъ ва Лъанлъари росабалъ гIадамал къабул гьариялъул хIасилазул ва цогидаб хIалтIул.

Коррупциялда данде къеркьеялъул суалазул рахъалъ районалъул бетIерасул кумекчи НурмухIамад ГIизудиновас бицана бюджеталъул учреждениязул хIаракатчилъи киназего баянаб, ракI бацIадаб букIине ккеялъул. Районалъул администрациялъул аппаратальул нухмалъулев ИсмагIил Салатгереевас ракIалде щвезабуна улкаялъул, республикаялъул ва районалъул нухмалъулезул тIадкъаял жиндир заманалда тIураялъул кIвар.

Данделъиялъул хIасилал гьарулаго, районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас муниципалиял идарабаздаса тIалаб гьабуна качество бугеб хIалтIи, ахIана жеги лъикI хIалтIизе, гIадамазул рахъкквезе, гьезие кумек гьабизе, хадурккунги социалиябгун экономикияб цебетIеялъе гIоло къеркьезе.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

ЖАМАГIАТАЛЪУЛ ГАЗА

## Халкъалъул тIалабал тIоритIулаго

### Нухмалъулел ва жамгIият: цебетIей мурадалда

**3 февралалда Бакълулазул районалда администрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана «Нухмалъулел ва жамгIият: цебетIей мурадалда» тIоцебесеб жамгIияб форум.**

Гьелъул хIалтIулъ гIахьаллъана мугIрузул территориалияб округалда терроризмалъул хIинкъигьечIолъи цIуниялъул рахъалъ Дагъистаналъул бетIерасул кумекчи Сайпудин Саипов, «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев МухIамад Хъарагишиев, жамгIиял «Патриоты» цолъабазул Ассоциациялъул председатель Шамил ГIабдулхIажиев,

(Ахир-кIиабилеб гьум.)

НОМЕРАЛДА РУГО:



Школазул тIахьал ричизе бегьуларо -2 гьум.



«Дагъэкосити»-бакълъулазул ракьалда -2 гьум.



Аварагасул суннат чIаго гьабуна -3 гьум.



Халкъиял театразул республикаялъул хал-гьабиялда бакълъулалги гIахьаллъана -4 гьум.

Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.

Инхоса Пали-хIажи

№ 8 11 февраль 2019 с.

# Халкъалъул тIалабал тIоритIулаго

**(Байбихьи-тIоцебесеб гьум.)** Дагъистаналъул муфтиясул кумекчи Идрис Асадулаев, «Патриоты» АООялъул председателасул заместитель Шамсудин ХIусенов, Бакъулъулазул районалъул имам Шамил Назиров, мугIрузул территориалияб округалда «Патриоты» АООялъул ихтияр кодосев вакил Заур Халидов, «Гъуниб районалъул гIолилал» ДРО-Оялъул нухмалъулев Шамил ХIасанхIусенов ва цогидалги.

Форумалъул гIахьалчагIаздехун саламалъулаб кIалъай гьабуна Бакъулъулазул районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев МухIамад Хьарагишиевас. «Бакъулъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул, районалъул администрациялъул ва дирго рахьалдасан, гьалбал хириял бакъулъулазул ракьалда, ракI-ракIалъ салам кьола тIоцебесеб жамгIияб форумалъул гIахьалчагIазе. ЖамгIиял институтазул кIудияб кIвар буго районалъул, республикаялъул, тIолабго улкаялъул гIумруялъулъ. Районалъул жамгIиял къуватазулъ жигаралда хIалтIи гIуцIулеблъун ккола «Гумбеталъул гIолилал» ДРОО. Гьеб гIуцIигун, муниципалитеталъул общественникалгун цадахъ рекъон хIалтIула бюджеталъул идарабазул вакилзаби. Хасго бихьизабизе ккола Гумбет районалъул гIолилазул централъул хIаракатчилъи.



Гьеб централъ ва «Гумбет районалъул гIолилал» ДРОО-ялъ гIемераб хIалтIи гьабулеб буго гIолилазул программаби, проектал гIумруялде рахьинариялъул, гIолеб гIелалъе рагъулабгун ВатIан бокьиялъул, рухIиябгун лъикIаб гIамалхасиятalъул тарбия кьеялъул рахъалъ, экстремизмалъул, терроризмалъул идеологиялда, наркоманиялда данде къерхьей гьабиялъул, гьелъул зарал бичIчIинабиялъул рахъалъ. Бакъулъулазул районалъул нухмалъулел хIалтIулел руго гIагараб ракь цебетIеялъе ва тIегьаялъе гIоло общественниял цолъабазулгун щулияб бухьенги ккун»,-ян абуна МухIамад Хьарагишиевас.

Форумалда кIалъазе рахъана спикерал, гьалбал, тIаде къабул гьарурал. Тадбир тIобитIана цого заманалда «Спорт», «Патриотизм», «ХIаракатал гIолилазул рахъкквей» ва цогидалги байдабазда. Районалъул ва росабазул гIолилазул гIуцIабаз цере лъурал предложениял хъвана ва кIвар бугел предложениял регионалияб данделъиялде росизе руго.

**«Гумбет» РИО**

ВОРЕ, ЦIАЛЕ, ЦIАЛЕ, ДИР ЦIОДОР

# Школазул тIахьал ричизе бегьуларо

### Бакъулъулазул районалде бачIана анкьазаргоялдаса цIикIкIун цIалул тIехь

**Районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалда унеб буго цIалул тIахьал лъайкьеялъул учреждениязда гьоркьор рикьиялъул ва мугьру чIваялъул хIалтIи.**



Гьеб тадбир тIобитIана Бакъулъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул, лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадовасул, ДРялъул лъайкьеялъул ва гIелмуялъул министерствоялъул Гумбеталда вугев куратор Ражаб АхIмадхIажиевасул ва цогидалги жавабиял хIалтIухъабазул гIахьаллъигун.

Хасаб хIалтIулаб комиссиялъ тIубазабулеб буго тIахьазул хIисаб гьабиялъул, мугьру чIваялъул, гьел школазде кьеялъул хIалтIи. «Гумбеталде бачIана 7395 цIалул тIехь, «Просвещение» басмаханаялдаса. Гьединго тIахьал рачIана «Бином» ва «Дрофа» басмаханаздаса, амма гьениса мугьру чIвалел жал рачIун гьечIо. Школазул библиотекабазде кьеледде тIахьазда мугьру чIвалеб ва иргадулал номерал лъолел руго. Цогояб информационнияб базаялда хъвай-хъвагIай гьабулеб буго щибаб тIехьалъул хIакъалъулъ баяназул. Гьедин гьабиялъул мурадлъун ккола тIахьал рилиялда хадуб хьаравуллъи кквей ва школазул библиотекабаздаса тIахьазул тукабазде рачIинчIого хутIи»,-ян абуна районалъул администрациялъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадовас.

**«Гумбет» РИО**

РАЦIЦIАЛЪИ - ДИНАЛЪУЛ БАЩАЛЪИ

# «Дагъэкосити»- бакъулъулазул ракьалда

### Бакъулъулазул районалда данделъиялда гьоркьоб лъуна къвакIарал коммуналиял хутIелал раччиялъул суал

**Бакъулъулазул районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев МухIамад Хьарагишиевасул нухмалъиялда администрациялда тIобитIана къвакIарал коммуналиял хутIелал раччиялъул суал гьоркьоб лъураб данделъи.**

Гьенир гIахьаллъана «Дагъэкосити» ООО-ялъул нухмалъулев Казбек Царикаев, экологиялъул ва тIабигIаталдаса пайда босиялъул рахъалъ районазда гьоркьосеб северияб управлениялъул нухмалъулев ХIажимурад ХIакимов, Бакъулъулазул районалъул финансазул отделалъул нухмалъулев РурухIма Халидов, райадминистрациялъул юридическияб отделалъул нухмалъулев Хайрудин Халидов, муниципалитеталъул бакIал раялъул ва архитектураялъул рахъалъ бетIерав специалист ХIажимурад АхIмаднабиев, ЖККХялъул суалазул рахъалъ ведущий специалист Шамил ГIалиев, росабазул поселениязул бутIрул ва цогидалги.

Данделъи рагьана ва бачана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуразарулев МухIамад Хьарагишиевас.

2019 соналъул 1 январалдаса Бакъулъулазул районалдаса къвакIарал коммуналиял хутIелал раччизе руго «Дагъэкосити» ООО-ялъ. Районалъул администрациялъ бакIалъулаб самоуправлениялъул органазгун цадахъ контейнеразул байдаби гьариялъе хIалтIи гIуцIизе буго. Районалдаса къвакIарал коммуналиял хутIелал раччиялда гьорлъе рачине бегьула юк баччулеб, рищни-къулалъе данде кколеб техника бугел ва цереккун гьеб хIалтIи гьабурал шоферзабиги. Бакъулъулез «Дагъэкосити» ООО-ялъул рахъкквезе буго, росабазул по-



селениязул бутIруздаса тIалаб гьабизе буго гьеб компаниялъе кумек, квербакъи букIинабизе, сверухъ бугеб тIабигIат бацIцIад цIуни мурадалда»,-ян абуна МухIамад Хьарагишиевас.

Хадув кIалъазе вахьана экологиялъул ва тIабигIаталдаса пайда босиялъул рахъалъ районазда гьоркьосеб управлениялъул нухмалъулев ХIажимурад ХIакимов. «2019 соналъул байбихьудаса тIолабго Россиялда байбихьана коммуналиял хутIелазде бергьалагьи гьабиялъул къагIида хисизабизе. Дагъистаналъул северияб рахъалъул регионалияб операторлъун ккола «Дагъэкосити» ООО-ялъул компания. Гьелда гьоркьобе ккола Бакъулъулазул районги. Регионалияб операторалъ гIуцIизе буго къвакIарал коммуналиял хутIелал ракIари, раччи ва гьездаса пайда боси. Рищникъул баччаралъухъ цо чиясухъа босизе буго 60 гъурущ»,-ян бицана ХIажимурад ХIакимовас.

Данделъиялъул гIахьалчагIаз хIадур гьабуна нухлул карта ва кIиябго рахъалъ гъулбасалги гьаруна. Гьеб документалда рихьизарун руго кIиябго рахъалъ тIуразе ккелел тIадкъаял ва щибаб пункт гIумруялде бахъинабиялъе болжал.

МухIамад Хьарагишиевас тIадкъаял кьуна росабазул поселениязул бутIрузе «Дагъэкосити» ООО-ялъе тIадеросиял тIуразариялъе кумек ва квербакъи букIинабеян.

**«Гумбет» РИО**

ДАНДЧIВАЯЛ

# 75 батIияб хъулухъ

### Муниципалиял хъулухъал гьариялъул суалалгун хIалтIулаб къокъаялъул данделъи тIобитIана

**Бакъулъулазул районалъул администрациялда тIобитIана, гIемерфункциялъулаб централъул «Цо гордухъан» муниципалиял хъулухъал гьариялъул суалалги гьоркьор лъун, хIалтIулаб группаялъул данделъи.**

«Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул хIукмуялда рекъон, къабул гьабун буго бакIалъулаб самоуправлениялъ МФЦялде кьолел муниципалиял хъулухъазул цIияб сияхI. Гьелда гьорлъе ккола 75 муниципалияб хъулухъ.



Тадбир рагьана ва бачана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель Малик Маликовас.

Данделъиялда гьединго гIахьаллъана Дагъистаналъул МФЦялъул Гумбеталда бугеб филиалалъул нухмалъулев ГIумар МухIамадов, филиалалъул юрист Асият ГIабдурахIманова, учреждениязул нухмалъулел. Гьенир рорхана «Цо гордухъан» гIемерфункциялъулаб централда тIуралел муниципалиял хъулухъазул хIакъалъулъ суалал.

Бакъулъулазул районалъул бетIерасул заместитель Малик Маликовас гIахьаллъаразда бичIчIизабуна муниципалиял хъулухъал гьариялъул технологическиял схемаби ДРялъул бухьеналъул министерствоялде хехго кьезе кколелъи. Малъа-хъваял гьаруна филиалалъул юрист Асият ГIабдурахIмановалъги. Дандрана гьединго кIвар бугел цогидал суалалги.

**«Гумбет» РИО**

ДОКУМЕНТЫ

# Бюджеты сельских поселений

### Собрание депутатов администрации сельского поселения «Село Тлярата»

**Решение:**

**от 29 декабря 2018 г. № 07 с.Тлярата**

**Утвердить бюджет «Село Тлярата» на 2019 год в размере 1646,0 тыс. рублей, и плановый период на 2020 год в размере 1169,0 тыс. рублей, на 2021 год в размере 1169,0 тыс. рублей.**

а) Доходы:

| | 2019 г. | 2020 г. | 2021 г. тыс. руб |
|---|---|---|---|
| Дотация | 1479,0 | 1002,0 | 1002,0 |
| Субвенция | 74,0 | 74,0 | 74,0 |
| Субсидия | | | |
| Собственные доходы | 93,0 | 93,0 | 93,0 |
| В том числе: | | | |
| НДФЛ | 15,0 | 15,0 | 15,0 |
| ЕСХН | 3.0 | 3.0 | 3.0 |
| Земельный налог | 49,0 | 49,0 | 49,0 |
| Имущественный | 26,0 | 26,0 | 26,0 |
| ИТОГО: | **1646,0** | **1169,0** | **1169,0** |

б) Расходы по учреждениям:

| | | | |
|---|---|---|---|
| Аппарат управления | 1045,0 | 913,0 | 913,0 |
| ВУС | 74,0 | 74,0 | 74,0 |
| Культура | 517,0 | 172,0 | 172,0 |
| Ф/К и спорт | 5,0 | 5,0 | 5,0 |
| Молодежная политика | 5,0 | 5,0 | 5,0 |
| ЖКХ (благоустройство) | 0 | 0 | 0 |
| ИТОГО: | **1646,0** | **1169,0** | **1169,0** |

**Председатель сельского Собрания Залумханов А. М.**

### Собрание депутатов администрации сельского поселения «Сельсовет "Цунди-Шабдухский"»

**Решение: № 7**

**с. Мехельта 29. 12. 2018 г.**

**Утвердить бюджет сельского поселения «сельсовет «Цунди-Шабдухский» на 2019 год в размере 1928 тыс рублей, и плановый период на 2020 год в размере 1382 тыс рублей, на 2021 год в размере 1382 тыс рублей.**

**а)** Доходы:

| | 2019 г. | 2020г. | 2021г. тыс. руб |
|---|---|---|---|
| Дотация | 1693,0 | 1147,0 | 1147,0 |
| В т. ч. | | | |
| Субвенция | 86,0 | 86,0 | 86,0 |
| Собственные доходы | 149,0 | 149,0 | 149,0 |
| В том числе: | | | |
| НДФЛ | 17,0 | 17,0 | 17,0 |
| ЕСХН | 13,0 | 13,0 | 13,0 |
| Земельный налог | 93,0 | 93,0 | 93,0 |
| Имущественный | 26,0 | 26,0 | 26,0 |
| ИТОГО: | **1928,0** | **1382,0** | **1382,0** |

б) Расходы по учреждениям:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| а) | Аппарат управления | 1035,0 | 489,0 | 489,0 |
| б) | МКУК | 807,0 | 807,0 | 807,0 |
| в) | ВУС | 86,0 | 86,0 | 86,0 |
| | | | | |
| | ИТОГО: | **1928,0** | **1382,0** | **1382,0** |

**Председатель сельского Собрания Набигулаев А. Н.**

### Собрание депутатов администрации сельского поселения «Сельсовет "Арганинский"»

**Решение № 18**

**29 декабрь 2018г с.Аргвани**

**Утвердить бюджет «Сельсовет «Аргванинский» на 2019 год в размере 5148,0 тыс. рублей, и плановый период на 2020 год в размере 3779.0 тыс.рублей, на 2021 год в размере 3779.0 тыс. рублей.**

**а) Доходы:**

| | 2019 г. | 2020г. | 2021г. Тыс. руб. |
|---|---|---|---|
| Дотация | 4220,0 | 2851,0 | 2851,0 |
| Субвенция | 94,0 | 94,0 | 94,0 |
| Собственные доходы | 834,0 | 834,0 | 834,0 |
| В том числе: | | | |
| НДФЛ | 152,0 | 152,0 | 152,0 |
| ЕСХН | 8,0 | 8,0 | 8,0 |
| Земельный налог | 465,0 | 465,0 | 465,0 |
| Имущественный | 209,0 | 209,0 | 209,0 |
| ИТОГО: | **5148,0** | **3779,0** | **3779,0** |

б) Расходы по учреждениям:

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 1) | Аппарат управления | 2499,0 | 2110,0 | 2110,0 |
| 2) | МКУК | 1078,0 | 878,0 | 878,0 |
| 3) | ВУС | 94,0 | 94,0 | 94,0 |
| 4) | Ф/К и спорт | 30,0 | 30,0 | 30,0 |
| 5) | Молодежная политика | 20,0 | 20,0 | 20,0 |
| 6) | ЖКХ (благоустройство) | 1427,0 | 647,0 | 647,0 |
| | ИТОГО: | **5148,0** | **3779,0** | **3779,0** |

ЧАРАН КИН ЛЪАДАРАРАБ

# Аварагасул суннат чIаго гьабуна

### ЧIорбутIалъ речIчIиялъул турниралда бергьаразе шапакъатал щвана

**Бакълъулазул гIолилазул централъ «Гумбет районалъул гIолилал» ДРООялъгун цадахъ гIатIиракьалда ругел росабазул командабазда гьоркьоб чIорбутIалъ речIчIиялъул «Лига Гумбета» турниралъул ахирисел хIасилал гьаруна.**

Хасавюрталъул «Нащаб» абураб тиралда тIобитIана ахирисеб тур ЦIияблак, Хасавюрт ва цогидалги районазда гIумру тIами гьабулел Гумбеталъул гIолилазда гьоркьоб. Къецал ана 4 этапалда, тIубараб январь моцIалъ. Турниралда гIахьаллъана 11 команда. МухIаммад аварагасул (с.т.гI.в.) суннат-чIорбутIалъ речIчIи цIи гьабиялда тIад хIалтIун рукIин бихьулеб букIана щибаб командаялъул хIаялдасан.



Турнир рагьиялъул ва къаялъул тадбир бачана муниципалитеталъул гIатIиракьалда зонаялда росабалъ вугев «Гумбет районалъул гIолилал» ДРООялъул куратор, Бакълъулазул районалъул Собраниялъул депутат ГIабдулатIип ГIисаевас.

Тадбиралда гьединго кIалъана Гумбеталъул гIолилазул централъул нухмалъулев МухIамад Зубайиров, «Хасавюрт шагьаралъул гIолилал» ДРООялъул председатель Камал ГIабдулаев, мугIрузул территориалияб округалда «Патриоты» АООялъул куратор Заур Халидов ва цогидалги. Гьез рорхана гIолилазул спортивиял цолъаби районалъул ва республикаялъул рухIиял насихIатчагIигун цадахъ рекъон хIалтIиялъул, гIолилазул политикаялда хурхарал проектал гIумруялде рахъинариялъул бугеб хIалалъул хIакъалъулъ суалал.

ЧIорбутIалъ речIчIиялъул къецазда тIоцебесеб бакI ккуна «Килалъ» командаялъ, кIиабилеб бакIалде бачIана «Сивухъ» команда, лъабабилеб бакI щвана «ИчичIали» командаялъе.

Бергьаразе ва призеразе щвана медалал, грамотаби, чIорбутIал. ТIоцебесеб бакI ккураб командаялъе «Гумбеталъул лигаялъул» хьвадулеб кубокги.

**Гумбеталъул гIолилазул центр**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ

# Килалъ школалда тIобитIана мугIалимал-психологазул данделъи

**Бакълъулазул школазул мугIалимал-психологазул данделъи тIобитIана Килалъ гьоркьохъеб школалда. Гьениб гьоркьоб лъун букIана пачалихъиял экзаменал кьелелде цIалдохъаби психологияб рахъалъ хIадур гьариялъул хIакъалъулъ суал.**

Данделъиялда гIахьаллъана лъайкьеялъул учреждениязул мугIалимал-психологал, общественниял инспекторал, районалъул информациялъулгун методикияб централъул методистал.

Экзаменазде цIалдохъаби хIадуриялъе районалъул психологазе практикияб кумек щвезе, данделъиялде къабул гьарун рукIана МахIачхъала шагьаралъул №58 гьоркьохъеб школалъул мугIалим-психолог Зайнаб ГIумардибирова ва МахIачхъалаялъул «Интернат IV вида» коррекционнияб гIаммаб лъайкьеялъул школалъул мугIалим-психолог Тетей Умалатова.

**(Ахир - ункъабилеб гьум.)**

# Килалъ школалда тIобитIана мугIалимал-психологазул данделъи

(Байбихьи-лъабабилеб гьум.)

къуркьичIого рукIине психологияб хIадурлъи гьабиялъул кIвараб бицана мугIалимал-психологал Заира ГIабдуразакъовалъ (ЧIиркъатIа), Калимат МухIидиновалъ (МелъелтIа), МухIамад МухIамадназировас (ЦIияб Аргъвани).

**ПатIимат ГIумарахъаева,**
**опекаялъул ва попечительствоялъул бетIерай специалист**

Гьез данделъиялда малъа-хъваялъулал, хIалбихьи щвеялъе квербакъулел кIалъаялги гьаруна, суалазе жавабалги кьуна.

Данделъиялда ОГЭялде ва ЕГЭялде чIахIиял классазул цIалдохъаби психологияб рахъалъ хIадуриялъул темаялда доклад гьабуна Килалъ гьоркьохъеб школалъул психолог МухIамад Камаловас.

Школлъимал дандчIвалел захIмалъабазе

## ГІАКІА АХІУЛЕБ БУГО

### ОМВДялъ лъазабулеб буго

**2014 соналъул 29 августалда къватIибе бачIараб №736 Россиялъул МВДялъул приказалда рекъон, Гумбет ОМВДялда тIадаб буго гIадамазул гIарзал, лъазабиял (телефоналъ, факсалъ, интерненталъул кумекалдалъун, жалго полициялъул отделалде рачIун, почалдасан, божарав чиясухъ битIун бачIараб сордо-къоялъухъ балагьичIого къабул гьаризе.**

ГIарзаялъул хал гьабизе чIезабураб заман буго (3 сордо-къо, 10 сордо-къо, 30 сордо-къо, захIмалъиялъухъ балагьун).

Живго гIарзачи вачIани гьесухъе кьезе биххьизабун буго «талон-уведомление» абураб документ, жинда жаниб лъица къабул гьабураб, щиб номералда регистрация гьабураб, кида къабул гьабураб бихьизеги гьабун.

Нужер щибаб гIарзаялъул мухIканаб халгьабизе буго. Гьабураб хIукмуялъул хIасил лъазабизеги тIадаб буго хал гьабулев хIалтIухъанасда, тасамахIлъи биччачIого.

Суал буго кIалъазе бегьула:

Дежурнияб часталъул телефоназул номерал: 8 8 727 2-26-204, 8 928 958 08 71, 99-69-12.

Отделалъул нухмалъулесул: 8 8 272 26 233, 99-69-11.

Штабалъул нухмалъулесул:
8 964 049-09-48,99-69-13.

Республикаялъул МВД-ялъул божилъиялъул телефон: (8722) 98-48-48

**Шамил Мажидов,**
**Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул нухмалъулев,**
**полициялъул подполковник**

## 2019 – ТЕАТРАЛЪУЛ СОН

# Халкъиял театразул республикаялъул халгьабиялда бакълъулалги гIахьаллъана

**МахIачхъалаялда «Дагъистан» культураялъул кIалгIаялда тIобитIана халкъиял театразул республикаялъулаб халгьаби. Халкъияб творчествоялъул коллектив «халкъияб» («мисалияб») абураб цIаралъе мустахIикъаб бугищан хал гьабулеб тадбир букIана гьеб.**

Гьениб жиграб гIахьаллъи гьабуна Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул халкъияб театралъул актеразги. Гьез бихьизабуна Расул ХIамзатовасул «МагIарулай» пьесаялдаса цо бутIа.

Коллективазул цере рахъиназе къимат кьолеб букIана Дагъистаналъул ва Россиялъул искусствоялъул мустахIикъал хIаракатчагIаз, ДРялъул культураялъул хIалтIухъабаз ва цогидазги.

Жюриялъул членаз лъикIаб къимат кьуна Гумбеталъул халкъияб театралъул актераз ролал хIаялъе.

**«Гумбет» РИО**

## В ЗДОРОВОМ ТЕЛЕ – ЗДОРОВЫЙ ДУХ

# Грипп - острое вирусное заболевание

**Грипп входит в группу острых респираторных вирусных инфекций - ОРВИ. Наибольшую инфекционную опасность больной гриппом человек представляет в первые 5-6 суток от начала заболевания. Путь передачи — аэрозольный. Продолжительность заболевания, как правило, не превышает недели.**

Наибольшую опасность представляют зараженные люди в первые сутки после занесения вируса, когда явная симптоматика еще отсутствует, лечение не начато, лекарства не принимаются, и происходит распространение вируса на других людей. По статистике, заражение происходит у 50% контактирующих с больными людьми.

При ослабленном организме и параллельно протекающих болезнях, грипп остается в организме на более продолжительное время. Грипп особенно опасен и требует обязательного наблюдения, действенной вакцинальной или эффективной медикаментозной защиты при следующих заболеваниях человека.

### Симптомы гриппа у взрослых

Признаки гриппа у взрослых развиваются быстро и имеют выраженный характер, что отличает заболевание от других острых респираторных инфекций на первых порах. Симптомы возникают через 1,5-3 суток после заражения, все сразу или только определенные:

-стремительно нарастающая гипертермия, показатели температуры тела достигают 40°С;
-озноб, повышенная потливость
-боль в глазницах, слезотечение, резь в глазах;
-общая слабость;
-отсутствие аппетита;
-ломота в теле, дискомфорт в костях и суставах;
-тошнота и рвота;
-респираторные симптомы - боль и першение в горле, насморк, кашель.

### Профилактика осложнений

Чтобы обезопасить себя от негативных последствий гриппа, следует придерживаться следующих рекомендаций врача:

1. Не стоит недооценить грипп — последствия болезни его могут быть весьма печальными. По этой причине при первых проявлениях данного вирусного поражения стоит обращаться к врачу.

2. Нельзя заниматься самолечением без контроля врача.

3. Важно правильно питаться во время лечения и обогащать организм полезными веществами. Дополнительно также разрешается принимать витаминные комплексы.

4. При наличии хронических патологий стоит особенно внимательно проводить терапию.

5. В течение всего протекания заболевания следует соблюдать постельный режим.

6. Для поддержания иммунитета (только по назначению врача) рекомендуется использовать иммуномодулирующие препараты.

### Лечение

На сегодняшний день есть противовирусные препараты, которых можно и использовать по назначению врача с доказанной эффективностью, такие как Озельтомивир (Тамифлю), Реленза (Занамавир), Ингавирин.

Но стоит отметить, что самым эффективным способом профилактики гриппа является ежегодное проведение иммунопрофилактики населения, особенно в организованных коллективах, лиц старше 60 лет и лиц с различными хроническими заболеваниями.

Более 10 человек заболели гриппом в Дагестане с начала этого года.

Кроме того, в республике, как и в нашем районе наблюдается сезонное увеличение числа заболевших острыми респираторными вирусными инфекциями (ОРВИ).

Но при этом, в районе как в целом по республике, эпидемический порог заболеваемости не превышен по всем возрастным группам.Работниками Гумбетовской районной больницы проводится ежедневный мониторинг за заболеваемостью гриппом и ОРВИ и усилен контроль за диагностикой гриппа. Осуществляется контроль за готовностью медицинских учреждений на случай осложнения эпидемической ситуации.Так’же хотим обратиться к населению и предупредить, что при первых же симптомах - насморк, высокая температура, кашель - необходимо срочно обратиться за медицинской помощью. Самолечение может только ухудшить состояние больного.

**Марьям Джанакаева,**
**заведующая поликлиникой**
**Гумбетовского района**

## ГІАКІА АХІУЛЕБ БУГО

# Судалъул хIукму букIанищан абураб справка

### ОМВДялъ лъазабулеб буго

**Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъ кьола судалде ккарав вуго яги гьечIо абураб справка. Гьеб щвезе ккани рачIине ккола ОМВДялде цадахъ паспортги босун, яги гIарза битIизе бегьула. Гьелъул кIудияб квегIенлъи буго, электроннияб къагIидаялъ рокъовги гIодов чIун, битIизе бегьула гIарза.**

Гьедин гIарза битIизе ккани лъазе ккола портал «Госуслуги» хIалтIизабизе. ТIоцебесеб иргаялда регистрация гьабизе ккола портал государственных услуг РФ www.gosuslugi.ru, хадур раккизе ккола официалияб сайталде гьенисан бищула нилъеего къваригIараб бутIа, ва гьениб гIарзаялъул хасаб форма цIезабула.

Хасаб форма цIезабулаго гьелда жанир лъезе ккола рес гьечIого хъвазе кколел баянал ИНН, ФИО, СНИЛС, гьавураб къо-моцI ва гь.ц.), цинги гьесухъе бачIуна активациялъул код, жиндир кумекалдалъун рес кьолеб портал «Госуслугиялде» жанире лъугьине.

Портал «Госуслуги»-ялдасан рес буго халкъалъул гIицIго судимость буго яги гьечIо абураб справка гуребги, гIемерал батIи-батIиял хъулухъал тIуразе. Дагъистаналъул жанисел ишазул министерствоялъул хасаб интернет-сайталда буго цойги бутIа «Госуслуги, оказываемые гражданам», гьелда жаниб буго ОМВДялъ тIурарал хъулухъазе, гIадамаз электронно къимат кьезе бегьулеб.

Порталалдасан хъулухъал тIубаялъулъ буго цойги тIокIлъи, гIадатияб къагIидаялда гIарза кьуни, гIарза кьураб къоялдаса справка щвезе бала 30 къо, порталалдасан гьеб щвезе рес буго 15 къоялда жаниб.

### ГIадамал къабул гьаризе чIезабун буго гьадинаб заман:

| График приема граждан | Наименование органа внутренних дел | Адрес | Тел. |
|---|---|---|---|
| Пн. 09:00 – 18:00<br>Вт. 09:00 – 18:00<br>Чт. 09:00 – 18:00<br>Ср. 15:00 – 18:00<br>Пт. 09:00 – 18:00<br>Сб. 09:00 – 18:00<br>Обед - 12:30 – 14:00<br>Вых. Воскресенье | ОМВД России по Гумбетовскому району | С. Мехельта Гумбетовского района | Инспектор АПиК 99-69-13 |

БичIчIинчIеб суал ккани кIалъазе бегьула гьал номеразде: 99-69-13, (8963-414-07-99).

**Шамил Мажидов,**
**Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб**
**отделалъул нухмалъулев, полициялъул подполковник**

БетIерав редактор
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1059
Газета къватIибе биччазе гьулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.